



# EDUCATION A LA SANTÉ

## FICHE TECHNIQUE

THEME: <b>Prévention SIDA</b>	SEANCE N° '8'
CLASSE: <b>6ième année fondamentale</b>	ANNEXE '13'

### QUESTIONS OUVERTES

Couleur VERT

POINTS	QUESTIONS	REPOSES
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Pourquoi le SIDA est une maladie mortelle ?</li> <li>- Poukisa SIDA se yon maladi depi ou genyen li se mouri pou mouri ?</li> </ul>	<p>⇒ Paske se yon maladi ki pa gen tretman.</p>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment le virus du SIDA se transmet-il ? (3 façons)</li> <li>- Kijan viris SIDA a antre sou moun ?</li> </ul>	<p>⇒ Nan fè bagay, nan kontak san, lè yon manman ki sewo pozitif ansent.</p>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment peut-on se protéger sexuellement contre le virus du SIDA ?</li> <li>- Kòman you moun ka pab pwoteje tèt li lè lap fè bagay pou li pa gen SIDA ?</li> </ul>	<p>⇒ Se lè li mete kapòt chak lè li ap fè bagay.            ⇒ Lè li fidèl ak yon sèl madanm, yon sèl mari ki pa gen viris la nan san li.            ⇒ Lè li rete trankil ki donk san fè bagay.</p>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment se manifeste le virus du SIDA dans notre organisme ?</li> <li>- Kòman viris SIDA a reyaji nan kò nou ?</li> </ul>	<p>⇒ Viris la kraze tout kò a, kò a vi n fèb jouk li vi n rann kò a pa ka lite kont oken n lòt maladi ankò. Konsa, jouk ou rive mouri.</p>

<p><b>2</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment s'appelle le virus du SIDA ?</li> <li>- <b>Kòman yo rele viris ki bay sida a ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Viris ki bay sida a rele VIH (Viris ki fè defans kò moun fè defisi).</i></p>
<p><b>5</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment un enfant peut attraper le virus du SIDA ?</li> <li>- <b>Kòman yon timoun kapab trape_SIDA ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Li ka trape SIDA nan vant manman li osinon lè manman li ap akouche li.</i></p>
<p><b>10</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Citez 5 symptômes du SIDA .</li> <li>- <b>Bay senk nan sentòm SIDA yo.</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Yon fyèv ki pa gen lè pou li antre sou ou, dyare san koz, lezyon ki pap fini sou po, tach blanch nan bouch ak nan gòj, gangliyon dlo nan pjon ak chouchoun (sa yo rele ekoulman an).</i></p>
<p><b>2</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Existe t-il un vaccin contre le virus du SIDA ?</li> <li>- <b>Eske gen yon vaksen ki ka trete SIDA ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Pou konnye a, non .Malgre lasyans ap travay pou li ta jwen n yon bout ak SIDA , sa poko jan m ka rive fèt.Jouk konnye a SIDA a san tretman.</i></p>
<p><b>2</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Combien de temps peut-on vivre avec le virus du SIDA ?</li> <li>- <b>Konbyen tan yon moun ka fè ap viv ak viris SIDA a ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Yon moun ki sewo pozitif ka viv pou pipiti 10 zan. Sa depan de jan li swen tèt li ak rezistans defans kò li yo.</i></p>
<p><b>10</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Qu'est-ce que la séropositivité ?</li> <li>- <b>Kisa Sewo pozitif la vle di ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Sa vle di ou gen viris la nan kò a men li ponkò devlope sou moun nan. Men ou kap bay plisyè moun li, epi li ap detwi tout defans kò a jouk li fini ak yo.</i></p>
<p><b>5</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Combien de personnes sont contaminées par le virus du SIDA dans le monde ?</li> <li>- <b>Konbyen moun ki gentan kontamine nan SIDA nan mond la ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Nan mond la se anviwon 30.6 milyon moun.</i></p>
<p><b>5</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Que signifie les lettres S.I.D.A ?</li> <li>- <b>Ki sa lèt sa yo sinifi : S.I.D.A ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>S / sendròm, I / imino D / Defisiyans A / akiz</i></p>

<p><b>2</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment peut-on savoir si on est contaminé par le virus du SIDA ?</li> <li>- <b>Kòman ou kapab rive konnen si ou kontaminen ak viris ki bay SIDA a ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Lè wale kay doktè yo fè yon tès VIH pou ou se lè sa a wap ka konnen si ou fè SIDA. Nb : « Tès la ap bon se lè ou al fè li apre 3 mwa depi ou kontamine. »</i></p>
<p><b>2</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Quelles précautions prendre pour ne pas transmettre le virus du SIDA par voie sexuelle?</li> <li>- <b>Ki sa ou ka fè kòm prekosyon pou pa pran SIDA a nan fè bagay ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Se itilize kapòt chak lè wap fè bagay.</i></p>
<p><b>5</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Que signifie les lettres V.I.H. ?</li> <li>- <b>Ki sa lèt V.I.H yo sinifi ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Viris imino defisiyans imèn nan bon kreyòl li sinifi : jèm maladi ki fè defans kò moun fè defisi. / Virus Immuno-déficience Humaine</i></p>
<p><b>5</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Donnez la définition de syndrome ?</li> <li>- <b>Bay definsyon mo sendròm</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Tout sin ak doulè ki di ke maladi a prezan nan kò a.</i></p>
<p><b>10</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Quels soins peut-on apporter à une personne atteinte du SIDA ?</li> <li>- <b>Ki fòm de swen ou ka bay yon moun ki gen SIDA ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Yon moun ki trape SIDA gen bezwen jwenn bon okipasyon, li bezwen swen doktè, byen manje konsa tou fòk li jwenn afeksyon ak apresiyasyon tou.</i></p>
<p><b>10</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment empêcher le virus du SIDA de se transmettre par le sang ?</li> <li>- <b>Kòman ou ka anpeche moun pran viris SIDA a nan san ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>- Lè w asire w ke sereng, zegwi ak lòt bagay tranchan yo byen esterilize. - Lè ou evite san w kole ak lòt san. - Lè ou evite al pran san met nan san w san nesite.</i></p>
<p><b>2</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Où peut-on se procurer des préservatifs ?</li> <li>- <b>Ki kote ou ka jwenn kapòt achte ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Nan yon famasi, kay yon ajan sante oubyen nan boutik</i></p>
<p><b>5</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Pourquoi doit-on vérifier la date d'expiration sur la boîte des préservatifs ?</li> <li>- <b>Poukisa ou dwe gade sou bwat kapòt la, pou wè si dat sèvis kapòt la pa gentan fini ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Paske lè kapòt la pase lè li ta dwe sèvi a li vi n yon malè, li ka pete. Kidonk sa w tap ekzante a se li ki ka rive m</i></p>
<p><b>2</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Combien coûte un préservatif ?</li> <li>- <b>Konbyen yo van n yon kapòt ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Yon kapòt van n 2 goud toupatou</i></p>



# EDUCATION A LA SANTE

## FICHE TECHNIQUE

THEME: <b>Prévention SIDA</b>	SEANCE N° '8'
CLASSE: <b>6ième année fondamentale</b>	ANNEXE '14'

### QUESTIONS CHOIX MULTIPLES

Couleur ROUGE

POINTS	QUESTIONS	REPOSES <small>La bonne réponse est soulignée</small>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le SIDA se transmet :</li> <li>- Yon moun ka pran SIDA a :</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>⇒ a) Lè ou bo yon moun bò figi.</li> <li>⇒ <b>b) <u>Nan fè bagay.</u></b></li> <li>⇒ c) Lè yon marengwen mòde w.</li> <li>⇒ d) Lè w kole kò w ak yon zannimo.</li> </ul>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Une personne qui attrape le virus du SIDA tombe malade :</li> <li>- Yon moun ki trape viris ki bay SIDA a kapab tonbe malad :</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>⇒ <b>a) <u>Ti kras pa ti kras.</u></b></li> <li>⇒ b) La menm.</li> <li>⇒ c) Apre 15 lane</li> </ul>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Dans le monde, combien de personnes sont contaminées :</li> <li>- Nan tout mond la konbyen moun ki gentan kontamine deja ak maladi Sida a :</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>⇒ a) 100. 9 milyon</li> <li>⇒ <b>b) <u>30.6 milyon</u></b></li> <li>⇒ c) 19.5 milyon</li> </ul>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le SIDA, c'est :</li> <li>- SIDA se :</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>⇒ a) Yon maladi ki pa gen tretman.</li> <li>⇒ b) Yon maladi ki kraze tout sistèm defans kò a.</li> <li>⇒ c) Yon maladi moun ka pran nan fè bagay.</li> <li>⇒ <b>d) <u>Tout repons yo bon.</u></b></li> </ul>

10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Un enfant peut attraper le virus du SIDA :</li> <li>- <b>Yon timoun ka trape maladi SIDA a :</b></li> </ul>	<p>⇒ a) Nan jwe ak yon lòt timoun ki gen SIDA  ⇒ <b><u>b) Pandan manman li ansent</u></b>  ⇒ c) Pandan li ap sèvi ak yon fouchèt yon lòt timoun ki kontamine fin sèvi.</p>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le SIDA, ça se traite :</li> <li>- <b>SIDA a ka trete :</b></li> </ul>	<p>⇒ a) <i>Pou kont li</i>  ⇒ <b><u>b) Pou konnye a ponkò gen yon tretman pou li.</u></b>  ⇒ c) <i>Le w bwè aspirin.</i>  ⇒ d) <i>Ak antibiyotik.</i></p>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le SIDA veut dire :</li> <li>- <b>SIDA a vle di :</b></li> </ul>	<p>⇒ a) Maladi ki pase de papa ak pitit (ereditè)  ⇒ <b><u>b) Sendwòm imino-defisiyans akiz</u></b>  ⇒ c) Viris imino defisiyans imèn</p>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le SIDA est :</li> <li>- <b>SIDA a se :</b></li> </ul>	<p>⇒ <b><u>a) Yon viris</u></b>  ⇒ b) Yon parazit  ⇒ c) Yon mikwòb</p>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Un moyen efficace de prévenir le SIDA, c'est :</li> <li>- <b>Yon fason ki pi bon pou evite SIDA se :</b></li> </ul>	<p>⇒ <b><u>a) Mete yon kapòt chak fwa ou pral fè bagay.</u></b>  ⇒ b) Fè kòm si sa pat anyen  ⇒ c) Ale kay yon doktè chak 6 mwa.</p>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Un comportement à risque, c'est :</li> <li>- <b>Yon konpòtman ki ka fè w rive gen Sida, se :</b></li> </ul>	<p>⇒ a) Rete nan yon gwo vil.  ⇒ <b><u>b) Fè bagay ak plizyè moun san ou pa mete kapòt</u></b>  ⇒ c) <i>Ale lòtbò.</i>  ⇒ d) <i>Anbwase yon moun.</i></p>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Pour empêcher le virus de se propager, il faut :</li> <li>- <b>Pou m pa kite viris SIDA a fè plis dega fòk mwen :</b></li> </ul>	<p>⇒ a) Gen yon sèl patnè.  ⇒ b) Pa janm fè bagay menm  ⇒ c) Sèvi ak kapòt.  ⇒ <b><u>d) Tout sa n sot di la yo bon.</u></b></p>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA se transmet:</li> <li>- <b>Viris ki bay maladi SIDA a moun ka pran li nan :</b></li> </ul>	<p>⇒ <b><u>a) Lè ou koupe nan yon bagay tranchan ke plizyè moun ap sèvi ki pa esterilize.</u></b>  ⇒ b) Lè ou fè bagay yon sèl fwa men, ak kapòt.  ⇒ c) Lè ou pran san ki kontwole mete sou ou.</p>



# EDUCATION A LA SANTE

## FICHE TECHNIQUE

THEME: <b>Prévention SIDA</b>	SEANCE N° '8'
CLASSE: <b>6ième année fondamentale</b>	ANNEXE '15'

### QUESTIONS : VRAI OU FAUX

Couleur JAUNE

POINTS	QUESTIONS	R
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Les moustiques transmettent le virus du SIDA.</li> <li>- Marengwen bay viris SIDA a.</li> </ul>	F
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA peut-être transmis par une aiguille non stérilisée.</li> <li>- Viris SIDA a ka rante sou yon moun nan sèvi ak sereng ki pa esterelize.</li> </ul>	V
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA peut-être transmis par transfusion sanguine.</li> <li>- Moun ka pran viris SIDA a nan san.</li> </ul>	V
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Il existe aux Etats-Unis un vaccin contre le SIDA.</li> <li>- Gen yon vaksen nan peyi eta zini ki kont SIDA.</li> </ul>	F
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Une personne contaminée peut multiplier la maladie.</li> <li>- Yon moun ki kontamine ak viris la ka bay plizyè moun li.</li> </ul>	V
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- SIDA signifie « Syndrome d'immunodéficience acquise ».</li> <li>- SIDA a sinifi « Sendròm iminodefisyans akiz. »</li> </ul>	V

10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Une personne séropositive peut vivre au moins 10 ans.</li> <li>- <b>Yon moun ki sewo pozitif kapab viv pou piti 10 zan</b></li> </ul>	<b>V</b>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le SIDA est une maladie incurable.</li> <li>- <b>SIDA se yon maladi ki pa gen tretman.</b></li> </ul>	<b>V</b>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Une personne atteinte du SIDA peut mourir de la diarrhée ou de la tuberculose.</li> <li>- <b>Yon moun ki fè SIDA ka mouri ak dyare oubyen tibèkiloz.</b></li> </ul>	<b>V</b>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le SIDA peut-être transmis par une personne qui paraît en bonne santé.</li> <li>- <b>Yon moun ki parèt an sante ka bay yon lòt moun viris SIDA a.</b></li> </ul>	<b>V</b>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Jeannie est enceinte et séropositive. Son enfant sera forcément contaminé.</li> <li>- <b>Janit ansent men li sewo pozitif. Timoun li pral fè a dwe tout kou san rezèv pran SIDA a tou.</b></li> </ul>	<b>F</b>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA se transmet par le sang.</li> <li>- <b>Viris SIDA a antre sou moun nan san.</b></li> </ul>	<b>V</b>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Une personne qui a le virus et qui donne la main à une autre peut la contaminer.</li> <li>- <b>Yon moun ki gen SIDA bay lanmen ak yon lòt moun ka kontamine moun ki pa te gen SIDA a.</b></li> </ul>	<b>F</b>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA est transmis par les fourchettes, les verres, les draps.</li> <li>- <b>Viris ki bay SIDA a moun ka pran li nan fouchèt, sèvyèt, dra, nan vè.</b></li> </ul>	<b>F</b>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA peut se transmettre en utilisant les mêmes toilettes.</li> <li>- <b>Viris ki bay SIDA a ka rantre sou moun si yap sèvi nan menm twalèt.</b></li> </ul>	<b>F</b>

2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- SIDA signifie « Syndrome d'immunodéficience acquise ».</li> <li>- <b>SIDA a sinifi « Sendròm iminodefisiyans akiz. »</b></li> </ul>	<b>V</b>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Une personne qui vient d'être contaminée n'est pas malade tout de suite.</li> <li>- <b>Yon moun ki fèk kontamine ak viris SIDA a pa tonbe malad la pou la.</b></li> </ul>	<b>V</b>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Je me protège du virus du SIDA en utilisant un préservatif.</li> <li>- <b>Mwen pwoteje m' kont viris SIDA a lè m' itilize yon kapòt.</b></li> </ul>	<b>V</b>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- J'attrape le virus du SIDA en me baignant près d'une personne contaminée.</li> <li>- <b>Map trape viris ki bay SIDA a, lè map benyen bò kote yon moun ki gen SIDA.</b></li> </ul>	<b>F</b>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA détruit notre système immunitaire.</li> <li>- <b>Viris ki bay SIDA a, kraze tout defans kò a.</b></li> </ul>	<b>V</b>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA est appelé VIH.</li> <li>- <b>Viris ki bay SIDA a, rele VIH.</b></li> </ul>	<b>V</b>
10	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA se trouve dans le sang, dans le sperme et les urines.</li> <li>- <b>Viris SIDA a ou jwenn li nan:san, nan espèm ak pipi.</b></li> </ul>	<b>F</b>
2	<ul style="list-style-type: none"> <li>- La prévention est le seul moyen de lutter contre le SIDA.</li> <li>- <b>Mache fè moun konnen ki sa SIDA a ye pou yo pa pran ladan, se sèl mwayen pou n lite kont SIDA.</b></li> </ul>	<b>V</b>
5	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Une personne séropositive et en bonne santé ne peut pas transmettre le virus.</li> <li>- <b>Yon moun ki sewo pozitif epi ki poko malad pa ka bay lòt moun viris ki bay SIDA a.</b></li> </ul>	<b>F</b>





# EDUCATION A LA SANTE

## FICHE TECHNIQUE

THEME: <b>Prévention SIDA</b>	SEANCE N° '8'
CLASSE: <b>6ième année fondamentale</b>	ANNEXE '16'

### QUESTIONS BONUS

15 POINTS

QUESTIONS	REPOSES
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Pourquoi peut-on dire que la famille de Mimoz est malheureuse ?</li> <li>- <b>Daprè teks la kòman w kapab di fanmi Mimoz malerèz ?</b></li> </ul>	<p>⇒: - <i>Paske se dlo manman Mimoz tap bat nan pilon pou fè bè</i></p> <p>- <i>Papa Mimoz te mouri depi li te gen 7 mwa nan vant.</i></p> <p>- <i>Paske san dola Jewòm la te fè manman Mimoz sezi.</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment peut-on se protéger contre le virus du SIDA ?</li> <li>- <b>Kijan ou kapab pwoteje tèt ou kont maladi SIDA a ?</b></li> </ul>	<p>⇒ - <i>Se pa fè bagay menm</i></p> <p>- <i>Se itilize yon kapòt chak lè wap fè bagay.</i></p> <p>- <i>Se pa ki te lòt san kole ak san w, tankou : pa sèvi nan sereng, jilèt tout sa ki ka blese w ke lòt moun te gentan sèvi deja san w pa esterilize .</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- D'après le poème « Kapòt san radòt », comment considère t-on le préservatif ?</li> <li>- <b>Si nou fè yon ti kout je nan pwezi « kapòt san radòt la » ki jan w ta ka konsidere kapòt ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Sekirite lavni, plezi pou la vi, defansé</i></p>

<ul style="list-style-type: none"> <li>- Quels conseils donnez-vous à un ami qui a le SIDA ?</li> <li>- <b>Ki konsèy ou ka bay yon zanmi ki gen SIDA ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Konsèy mwen ka ba li se : pa al fè bagay san kapòt pou li pa pwopaje maladi a, manje byen, toujou kontinye al wè doktè epi pran prekosyon ak tout lòt maladi kontajyez yo.</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Faites la démonstration de l'utilisation du préservatif.</li> <li>- <b>Fè demonstrasyon kapot la.</b></li> </ul>	
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Dans le texte « <u>SIDA ka touye rèv demen</u> », que fait Jan-Foukan après la mort de Mimoz ?</li> <li>- <b>Daprè teks « SIDA ka touye rèv demen » an. Ki sa Jan-Foukan te fè apre Mimoz te fi n mouri ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Sansibilize tout popilasyon an pa mwayen teyat, konferan ak latritye sou sida ak lòt maladi moun ka pran nan fé bagay</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Que signifie les lettres V.I.H. ?</li> <li>- <b>Ki sa lèt V.I.H yo sinifi ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Viris imino defisiyans imèn nan bon kreyòl li sinifi : jèm maladi ki fè defans kò moun fè defisi. / Virus Immuno-déficiencie Humaine</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Pourquoi doit-on enlever l'air au bout du préservatif ?</li> <li>- <b>Poukisa ou dwe peze ti pwent kapòt la pou wete van ki ladan li a ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Pou lè ou ejakile pou li ka jwen n kote pou li rete, konsa kapòt la pap sa pete.</i></p>



# EDUCATION A LA SANTE

## FICHE TECHNIQUE

THEME: <b>Prévention SIDA</b>	SEANCE N° '8'
CLASSE: <b>6ième année fondamentale</b>	ANNEXE '17'

### QUESTIONS DEFI

25 POINTS

QUESTIONS	REPOSES
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Résumez l'histoire « <u>SIDA ka touye rèv demen.</u> »</li> <li>- Rezime istwa « <u>SIDA ka touye rèv demen</u> » an.</li> </ul>	⇒ Anèks 1
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Donnez en 10 secondes, 5 signes ou symptômes du SIDA ?</li> <li>- Bay senk siy oubyen sentòm SIDA nan 10 segonn ?</li> </ul>	⇒ Plak blanch nan bouch, maleng nan peni ak vajen, fatig enjistifye, dyare san koz, fyèy san kontwòl.
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Récitez le deuxième couplet du poème « <u>Kapòt san radòt</u> ».</li> <li>- Resite dezyèm kouplè ti pwezi « <u>Kapòt san radòt</u> » la.</li> </ul>	⇒ Anèks #4
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Dans le poème « <u>Kapòt san radòt</u> » le préservatif nous protège de deux choses. Citez-les ?</li> <li>- Andedan ti pwezi « <u>Kapòt san radòt</u> » la, nou jwenn kapòt la pwoteje nou kont de (2) bagay, ki bagay yo ye ?</li> </ul>	⇒ Gwosès ak Sida

<ul style="list-style-type: none"> <li>- Dans la chanson «<u>levasyon se trezò</u>», trouvez deux moyens de prévention du SIDA ?</li> <li>- <b>Nan chante ki di « <u>levasyon se trezò</u> » a, bay de (2) fason yon moun ka fè pou li pa pran SIDA ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Sèvi avèk kapòt, sèvi ak yon patnè</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Qu'est-ce la séropositivité ?</li> <li>- <b><u>Kisa sewo pozitivite a ye ?</u></b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Se lè ou genyen viris VIH la nan san w li poko devlope</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment le virus du SIDA se transmet-il ?</li> <li>- <b>Kòman ou kapab rive pran viris ki bay maladi SIDA a ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Nan san, nan fè bagay, lè yon fi ap akouche li ka bay ti bebe a</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- A l'échelle mondiale, quelle est le mode le plus fréquent de transmission du VIH ?</li> <li>- <b>Nan nechèl mondyal la, ki mwayen ki parèt pi frekan pou VIH la pwopaje ?</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>Fè bagay</i></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Le virus du SIDA se transmet :</li> <li>- <b>Viris ki bay SIDA a moun kapab pran li nan</b></li> </ul>	<p>⇒ <i>a) San. b) Lè yon manman ap fè yon ti moun. c) Fè bagay san kapòt d) <u>Tout repons sa yo bon.</u></i></p>



# EDUCATION A LA SANTE

## FICHE TECHNIQUE

THEME: <b>Prévention SIDA</b>	SEANCE N° '8'
CLASSE: <b>6ième année fondamentale</b>	ANNEXE '18'

### QUESTIONS TEST V.I.H LA VIE

QUESTIONS	REPOSES
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment peut-on se protéger sexuellement contre le virus du SIDA ?</li> <li>- <b>Kòman you moun ka pab pwoteje tèt li lè lap fè bagay pou li pa gen SIDA ?</b></li> </ul>	<p>⇒ -Se lè li mete kapòt chak lè li ap fè bagay.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Lè li fidèl ak yon sèl madanm, yon sèl mari ki pa gen viris la nan san li.</li> <li>- Lè li rete trankil ki donk san fè bagay.</li> </ul>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Que signifie Immunodéficiencie ?</li> <li>- <b>Kisa mo sa yo sinifi Imino defisyans ?</b></li> </ul>	<p>⇒ Yo sinifi defisi ou fè nan defans kò a. Sa vle di tout sa ki te nan kò a ki te ka batay ak mikwòb ak viris maladi yo, viris SIDA a manje tout</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Comment peut-on savoir si on est contaminé par le virus du SIDA?</li> <li>- <b>Kòman ou ka rive konnen si w pran nan SIDA ?</b></li> </ul>	<p>⇒ Se lè wale lopital epi doktè fè w yon tès VIH</p>